



Pou Piblikasyon Imedya: 01/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN MITAN PANDEMI COVID-19 AKTYÈL LA, GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE DEKRÈ EGZEKITIF KI RETADE ELEKSYON POU KONSÈY LEKÒL YO AK VÒT BIDJÈ YO JISKA 9 JEN

Tout eleksyon pou Konsèy Lekòl yo ak vòt bidjè yo pral reyalize pa lapòs

Eleksyon pou distri espesyal lokal yo ak pou vilaj yo pral retade jiska 15 septanm 2020

Nan kad efò pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite pandan pandemi COVID-19 la, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye jodi a yon dekrè egzekitif pou retade eleksyon pou konsèy lekòl yo ak vòt bidjè yo nan tout Eta a jiska 9 jen 2020. Yo pral reyalize eleksyon pou konsèy lekòl yo ak vòt bidjè yo pa lapòs epi yo pral voye bay tout elektè ki kalifye yo yon bilten vòt pa korespondans avèk frè lapòs pou retou yo peye. Dekrè Egzekitif la retade tou eleksyon pou distri espesyal lokal yo ak pou vilaj yo jiska 15 septanm 2020.

"Nou te fè gwo pwogrè pou redwi pwopagasyon viris COVID-19 la, men nou toujou pa konnen kilè pandemi sa a pral fini epi nou pa vle defèt tout travay nou deja fè a pou aplani koub la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pa vle mete Nouyòkè yo nan yon sitiasyon kote yo ap posibleman mete sante yo arisk, kidonk nou ap retade eleksyon pou konsèy lekòl yo ak reyalize yo pa lapòs epi nou ap retade tout eleksyon pou distri espesyal lokal yo ak pou vilaj yo pou ede limite nenpòt ekspozisyon ki pa nesèsè ak viris la nan mitan elektè ak travayè biwo vòt yo."

###

Lèt nouèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)